

AVI KONT DISKRIMINASYON DAPRE

DEKLARASYON SOU REGLEMAN SEKSYON 504

Se regleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE), dapre paragraf 504 Lwa 1973 sou reyabilitasyon (§504), pou yo pa retire ni refize avantaj ni fè diskriminasyon kont okenn moun ki gen andikap ki kalifye nan okenn pwogram oswa aktivite NYCDOE esponsorize oswa fè. Y ap respekte dwa moun ki gen andikap yo.

Regleman Chanselye (Chancellor's Regulation) CR [A-710](#) tabli regleman ak pwosedi DOE tankou pwosedi pou pote plent, pou elèv ki nan lekòl ak pwogram DOE ki se moun ki gen andikap ki kalifye jan yo defini l nan seksyon 504 epi ki bezwen akomodasyon pou yo ka patisipe nan pwogram DOE yo.

CR [A-830](#) tabli regleman ak pwosedi DOE kont diskriminasyon tankou pwosedi pou pote plent, pou anplwaye, paran elèv, elèv ak lòt moun ki fè biznis ak DOE, ki itilize ekipman DOE oswa lòt ki gen entèaksyon ak DOE.

Voye kesyon w konsènan dwa oswa pwosedi seksyon 504 pou **elèv** nan:

Pou Paran ak Responsab:

§ 504 Program Manager
Office of School Health
42-09 28th Street, CN#25
Long Island City 11101
(718) 310-2429
504Questions@schools.nyc.gov

Resous ekstèn :

U.S. Department of Education
Office for Civil Rights
32 Old Slip, 26th Floor
New York, NY 10005-2500
(646) 428-3900
<http://www.ed.gov/>